



Pou Piblikasyon Imedya: 22/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE NOUVO LEJISLASYON POU AMEYORE ENDISTI  
KANABIS POU ITILIZASYON ADILT LIDÈ NASYONAL NEW YORK LA LÈ LI FÈ  
REPRESYON SOU MAGAZEN KANABIS ILEGAL YO**

*Lejislasyon an pral pèmèt ata fèmèn dispansè ki vann kanabis ilegal pi vit jan sa  
posib; magazen yo ta ka jwenn amann ki plis pase 10,000 dola pa jou pou aktivite  
ilegal yo*

*Pral ranfòse efò aplikasyon kwa kontinyèl yo nan bay Biwo Jesyon Kanabis ak  
Depatman Taksasyon ak Finans lan nouvo pouvwa pou fè aplike lwa*

*Lwa ta kenbe dispozisyon ekite lidè nasyonal New York la sou ekite Kanabis  
pandan l ap asire yon endistri Kanabis ki byen reglemante ki pwoteje konsomatè  
yo ak lavant legal yo*

Gouvènè Kathy Hochul te pwopoze jodi a nouvo lejislasyon pou ogmante sanksyon sivil ak fiskal pou vant Kanabis san lisans ak ilegal nan New York. Lejislasyon an ta bay Biwo Jesyon Kanabis la (Office of Cannabis Management, OCM) ak Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance) lan plis pouvwa pou fè aplikasyon lwa tou pou fè respekte nouvo kondisyon regilasyon yo epi fèmèn magazen ki angaje nan vant kanabis ilegal yo.

"Pandan plizyè semèn ki sot pase yo, mwen te travay ak lejislati a sou nouvo lejislasyon pou amelyore estrikti regilatwa New York la pou pwodwi kanabis yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Egzistans kontinyèl dispansè ilegal yo pa akseptab, epi nou bezwen lòt zouti aplikasyon lwa pou pwoteje Nouyòkè yo kont pwodwi danjere yo epi sipòte inisyativ ekite nou yo. Mwen fyè de pwogrè kontinyèl nou k ap kreye nouvo endistri kanabis ki antyèman legal epi ede dispansè legal yo louvri pòt yo pou ofri pwodwi kanabis ki pi an sekirite pou Nouyòkè yo."

Nouvo lejislasyon an, ke y ap prezante kòm yon pwojè lwa pwogram Gouvènè a nan Sena a ak nan Asanble a, amande Lwa Taks ak Lwa Kanabis la pou pèmèt Biwo Jesyon Kanabis (OCM) la, Depatman Fiskalite ak Finans (DTF) lan ak fòs lòd lokal yo pou fè respekte restriksyon pou dispansè ki pa gen lisans yo. Lejislasyon an pa enpoze okenn nouvo penalite ki gen rapò ak posesyon kanabis pa yon moun pou itilizasyon pèsònèl epi li pa pèmèt fòs lòd yo fè aksyon aplikasyon lwa kont moun.

Lejislasyon sa a, pou pwemye fwa, ta pèmèt OCM ak DTF fè represyon sou aktivite ki pa gen lisans, pwoteje Nouyòkè yo, epi asire siksè nouvo biznis kanabis la nan New York. Lejislasyon an ta restriktire penalite kanabis ilegal aktyèl yo pou bay ofisye depè DTF yo otorite pou fè respekte lwa, kreye yon sistèm aplikasyon lwa ki kapab jere, kredib, ekita, epi li ta enpoze nouvo penalite pou detayan yo ki evade taks sou kanabis Eta a. Anplis de sa, li ta klarifye ak elaji otorite OCM pou sezi pwodwi ilegal, etabli pwosedi rezime pou OCM ak lòt antite gouvènmantral yo fèmen biznis ki pa gen lisans yo, epi kreye yon kad pou efò aplikasyon lwa ki pi efikas nan tout ajans yo. Vyolasyon lwa a ka mennen nan amann 200,000 dola pou izn oswa pwodui kanabis ilegal epi yo ta pèmèt OCM bay biznis yo amann 10,000 pa jou poutèt yo angaje nan lavant kanabis san lisans.

**Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, Chris Alexander, te deklare,** "Siksè apwòch istorik New York ki baze sou ekite endistri kanabis la depann de respè lwa kanabis nou yo. Antreprenè k ap chèche patisipe nan endistri kanabis legal nou an -- espesyalman moun ki enplike nan jistis k ap chèche yon lisans CAURD -- ap sibi domaj sou plan ekonomik pa move aktè k ap ranpli vitrin magazen yo ak pwodwi ki gen dout, ki pa reglemante e ki kapab danjere. Biwo Jesyon kanabis la angaje totalman pou l travay ak patnè nou yo atravè eta a pou fèmen operasyon sa yo pou tout tan epi pèmèt biznis legal ki gen lisans grandi ak pwospere."

**Komisè pa Enterim Enpo ak Finans Eta New York la, Amanda Hiller, te deklare,** "Eta New York ap konstwi mache kanabis li a, pandan l ap avanse eleman inik ekite sosyal la nan MRTA. Taks kanabis pou adilt yo ap finanse lekòl nou yo ak pwogram tretman dwòg ak edikasyon piblik yo. Taks sa yo kontribye tou nan Fon Re-vestisman Sibvansyon Kominotè Eta New York la, ki re-vesti revni taks ki soti nan lavant kanabis nan kominote ki pi afekte pa politik eksesif ak entèdiksyon kanabis la. Nouvo kapasite esansyèl pou aplikasyon taks sa yo pral pèmèt nou fè represyon sou operasyon ilegal yo epi ede asire opòtinite sa yo ke yo t ap tann depi lontan egziste pou kominote sa yo."

Tèks lejislatif konplè a disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)